

Kijan Yo te Fè Seleksyone m' pou Depopilasyon?

Citizens ede moun asire yo jwenn kouvèti asirans nan mache prive a tout fwa sa posib. Konpayi asirans nan mache prive a ki otorize ka mande pou retire (*depopile*) kontra asirans Citizens ki pa annatant anilasyon, ki gen previzyon non-renouvèlman oswa ki seleksyone pou souskripsyon ak yon lòt konpayi asirans. Souskripsyon ka fèt nenpòt moman pandan peryòd yon kontra asirans. Men kòman pwogram Chwa Depopilasyon pou kontra asirans Liy Pèsònèl yo fonksyone:



Konpayi yo sou mache prive a mande apwobasyon Biwo Kontwòl Asirans (Office of Insurance Regulation, OIR) pou retire kontra asirans yo nan men Citizens.

OIR egzamine finans konpayi depopilasyon yo, kontra asirans aktyèl yo ak kontra asirans yo mande pou souskri yo.

Si OIR apwouve demann lan, li fikse yon kantite maksimòm kontra asirans Citizens yon konpayi endividyèl ka retire.

Konpayi depopilasyon an chwazi kontra asirans li vle retire yo nan Citizens. Plizyè konpayi kapab seleksyone menm asirans yo, epi moun asire yo ka chwazi òf yo prefere a.

Citizens voye pa lapòs ba moun asire yo yon *Lèt/Fòmilè Òf Chwa Moun Asire*, ki gen ladann tout òf ki disponib yo, estimasyon prim pou renouvèlman yo ak fèy travay sou kouvèti asirans yo.

Moun asire yo egzamine enfòmasyon ki sòti nan chak konpayi depopilasyon epi moun yo decide si yo vle aksepte youn nan òf yo oswa si yo vle rete ak Citizens.

Moun asire yo soumèt chwa yo sou entènèt nan www.citizensfla.com/online-choice oswa yo ak sipò ajan yo. Chwa a dwe anrejistre bò kote Citizens pou pi ta nan dat limit ki endike nan *Lèt/Fòmilè Òf Chwa Moun Asire* a.

Akseptasyon fèt pou kontra asirans ki kalifye kote gen yon òf youn nan konpayi depopilasyon yo te seleksyone ak pou sa yo ki pa gen okenn chwa ki anrejistre nan yo. (Si pa gen okenn chwa ki te anrejistre, Citizens atribye kontra asirans lan ba youn nan konpayi mache prive yo ki te fè yon òf pou depopilasyon.)

Citizens voye lèt konfimasyon pou kontra asirans ki aksepte avèk siksè yo. Yo voye lèt tou bay moun asire ki te chwazi rete avèk Citizens ak sa ki pa t' aksepte yo.